



Social Security

Kouman Travay  
Afekte Benefis Ou

2006

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

# Kouman Travay Afekte Benefis Ou

Ou ka jwenn benefis retrèt oswa sivivan ou nan Sekirite Sosyal epi ou ka travay an menmtan. Men tou, dapre lalwa, benefis ou yo ka diminye si salè ou ap touche depase sèten kantite. Depliyon sa a eksplike kisa ki konte kòm “salè” ak fason pou rapòte salè ou ba Sekirite Sosyal. Li eksplike tou yon règleman espesyal ki aplike anjeneral sou premye ane ou kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal.

***NÒT:** Yon seri règleman diferan aplike pou moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite oswa peman Supplemental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Sipleman tè). Moun sa yo ta dwe rapòte tout salè yo bay Sekirite Sosyal. Epi tou, règleman diferan yo aplike sou pifò travay ki fèt deyò Etazini. Kontakte Sekirite Sosyal si ou ap travay (oswa si ou planifye pou travay) deyò peyi a.*

## **Ki kantite lajan ou ka touche epi ou ka toujou resevwa benefis yo?**

**Si ou te fèt 2 janvie, 1941, jiska 1 janvie, 1942,** laj konplèt pou pran retrèt ou se 65 kan ak 8 mwa. Si ou travay epi ou genyen laj retrèt ou oubyen ou aje, ou kapab resevwa tout benefis ou, kelkeswa kantite lajan ou touche nan travay ou. Si ou pli jèn ke konplèt laj retrèt ou gen yon limit nan kantite lajan ou ka fè nan travay epi ou ap toujou ka resevwa tout benefis Sekirite Sosyal ou. Si ou pli jèn ke konplèt laj retrèt ou pandan tout ane 2006 la, nou dwe dedwi \$1 nan benefis ou pou chak \$2 ou touche anplis sou \$12,480.

**Si ou vin genyen tout laj retrèt ou pandan 2006 la,** nou dwe dedwi \$1 nan benefis ou pou chak \$3 ou touche plis pase \$33,240. jouk nan mwa ou vin gen konplèt laj retrèt ou.

### **Egzanp sa yo montre fason règleman yo ka afekte ou:**

An nou di ou kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal a 62 zan an janvyè 2006 epi peman ou se \$600 pa mwa (\$7,200 pou ane a). Pandan ane a, ou travay epi salè ou touche a se \$20,480 (\$8,000 anplis limit \$12,480). Nou ka dedwi \$4,000 nan benefis Sekirite

Sosyal ou (\$1 pou chak \$2 ou touche anplis limit lan), men ou ap toujou resevwa \$3,200 kòm benefis.

Oswa, an nou di ou pa gen tout laj retrèt ou nan kòmansman ane a, men ou rive nan laj konplè a an Septanm 2006. Ou genyen \$34,440 nan uityèm mwa apatide janvye jiska mwa dawou.pandan peryòd sa a, nou dedwi \$400 (\$1 pou chak \$3 ou touche depase limit \$33,240). Ou ap toujou ka resevwa \$4,400 benefis Sekirite Sosyal ou pou premye uityèm mwa a. Epi kòmanse an Septanm (lè ou vin gen konplèt laj retrèt ou), ou ap resevwa tout benefis ou kèlkeswa kantite lajan ou ap touche nan travay ou.

## **Salè ou ak benefis ou—konbyen ou ka resevwa?**

Tablo k ap vini pi ba a ap ba ou yon lide sou kantite lajan ou gen pou ou resevwa nan benefis Sekirite Sosyal ou pou ane 2006 la, dapre benefis pa mwa ou ak estimasyon salè ou.

## Pou moun ki pi jèn ke konplèt laj retrèt pandan tout ane a

<i>Si benefis Sekirite Sosyal ou pa mwa se</i>	<i>Epi salè ou se</i>	<i>Ou ap resevwa benefis pa an</i>
\$700	\$12,480 oswa mwens	\$8,400
\$700	\$15,000	\$7,140
\$700	\$20,000	\$4,640
\$900	\$12,480 oswa mwens	\$10,800
\$900	\$15,000	\$9,540
\$900	\$20,000	\$7,040
\$1,100	\$12,480 oswa mwens	\$13,200
\$1,100	\$15,000	\$11,940
\$1,100	\$20,000	\$9,440

## Ki revni ki konte...epi kilè nou konte li?

Si ou ap travay pou yon lòt moun, se sèlman salè ou touche k ap konte sou limit salè Sekirite Sosyal ou. Si ou se yon travayè endepandan, nou konte sèlman salè nèt ou fè nan travay endepandan an. Nou pa konte revni tankou lòt benefis gouvènman, rannman sou investisman, enterè, pansyon, pansyon avi ak enterè sou kapital.

Si ou ap travay pou salè, revni an konte lè yo dwe li, pa lè yo posede li. Si ou gen revni ou posede nan yon ane, men peman an te fèt nan ane annapre a, li pa ta dwe konte kòm revni pou ane ou resevwa li a. Kèk egzanp ki akimile endamnite maladi oswa peman vakans ak bonis.

Si ou se yon travayè endpendan, revni an konte lè ou resevwa li—pa lè ou posede li—sof si li peye nan yon ane apre ou vin gen dwa pou resevwa benefis Sekirite Sosyal epi ou te posede li anvan ou te vin gen dwa pou benefis yo.

## **Règleman espesyal pou premye ane retrèt ou**

Kèk moun ki pran retrèt nan mitan ane a deja posede plis pase limit salè anyèl la. Se rezon sa a ki fè gen règleman espesyal ki aplike sou salè pou yon ane, anjeneral premye ane retrèt la. Anba règleman sa yo, ou ka resevwa yon chèk tout benefis Sekirite Sosyal pou nenpòt mwa ou nan retrèt, kèlkeswa salè ou reyalize pou ane a.

An 2006, yon moun ki poko gen laj konplè pou retrèt pou ane a ap konsidere retirete si salè mansuèl la se \$1,040 oswa mwens. Pa egzanp, John Smith pran retrèt li a 62 zan jou ki 30 oktòb, 2006. L ap fè \$45,000 nan mwa oktòb la. Li pran yon djòb atan pasyèl ki kòmanse an novanm pou \$500 pa mwa. Menm si salè li pou ane a depase limit 2006

lan (\$12,480), l ap resevwa yon peman Sekirite Sosyal pou mwa novanm jouk nan mwa desanm. Se paske salè li nan mwa sa yo pi piti pase \$1,040 ki reprezante limit espesyal pa mwa “premye ane retrèt la” pou moun ki poko gen laj konplè pou pran retrèt. Si Msye Smith touche plis pase \$1,040 pou nenpòt nan mwa sa yo (novanm oubyen desanm), li p ap resevwa yon benefis pou mwa a.

Apati ane 2007, se sèlman limit anyèl yo k ap aplike sou li paske l ap depase premye ane retrèt la.

Epitou, si ou se yon travayè endepandan, nou konsidere kantite travay ou fè nan biznis ou pou detèmine si ou nan retrèt. Youn nan fason nou fè sa se konsidere kantite tan ou pase ap travay. Anjeneral, si ou travay plis pase 45 èdtan pa mwa nan travay endepandan ou, ou pa retrète; si ou travay mwens pase 15 èdtan pa mwa, ou retrète. Si ou travay ant 15 ak 45 èdtan pa mwa, ou p ap konsidere kòm moun ki retrète si se nan yon djòb ki egzije anpil konpetans oswa si ou ap jere yon biznis ki enpòtan.

## **Eske ou dwe rapòte chanjman nan salè ou?**

Nou ajiste kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou an 2006 selon sa ou te di nou ou ka touche pou ane sa a. Si ou panse salè ou pou ane 2006 lan ap diferan ak sa ou te deja endike nou, fè nou konnen sa touswit.

Si lòt manm fanmi lan resevwa benefis selon travay ou, salè ou apre ou kòmanse resevwa benefis retrèt la ka diminye benefis yo tou. Men tou, si moun ou marye avèk li a epi si pitit ou yo resevwa benefis kòm manm fanmi lan, salè yo afekte sèlman pwòp benefis yo.

Si ou bezwen asistans pou kalkile salè ou, kontakte nou. Lè ou rele, mete nimewo Sekirite Sosyal ou prè.

## Èske salè sipleman tè ou ap ogmante benefis ou?

Benefis orijinal Sekirite Sosyal ou te baze sou pi gwo ane sale ou. Men chak ane, nou revize dosye pou tout benefisyè Sekirite Sosyal k ap travay. Si dènye ane revni ou konsidere kòm youn nan pi gwo ane ou, nou rekalkile benefis ou yo epi nou peye ou nenpòt ogmantasyon nou dwe ou. Sa a se yon pwosesis otomatik epi li konplete anjeneral nan mwa oktòb pwochen ane a. Pa egzanp, nan mwa oktòb 2006, ou ta dwe resevwa yon ogmantasyon pou salè 2005 ou si salè sa yo te ogmante benefis ou. Ogmantasyon an ta dwe retwo-aktif pou janvie 2006.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**).



Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.





**Social Security Administration**  
**SSA Publication No. 05-10069-HC**  
**How Work Affects Your Benefits (Haitian-Creole)**  
**January 2006**